

HAITIAN EDITION
U.S. HISTORY AND GOVERNMENT
TUESDAY, JUNE 17, 2003
9:15 a.m. to 12:15 p.m., only

The University of the State of New York
REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA AK GOUVÈNMAN ETAZINI

Madi 17 jen 2003 – 9:15 dimaten pou 12:15 apremidi sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri sou liy pi wo la a yo. Epi ale nan dènye paj nan tiliv la, se la wap jwenn fèy repons pou Premye Pati an. Pran san w pou w pliye dènye paj la nan kote ki dantle yo tou dousman epi chire paj repons lan. Kounye a, ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri nan tèt chak paj tiliv redaksyon an.

Egzamen sa a gen twa pati. Ou fèt pou w reponn **tout** kesyon nan chak pati. Sèvi ak plim nwa oubyen plim ble fonse pou w ekri repons yo.

Premye Pati a gen 50 kesyon ochwa. Ekri repons pou kesyon sa yo nan fèy repons ki apa a.

Dezyèm Pati a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Yo baze **Twazyèm Pati** a sou divès dokiman:

Seksyon A nan Twazyèm Pati a gen dokiman yo. Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oubyen plis. Nan tiliv egzamen an, ekri repons pou chak kesyon sou liy ki vin apre kesyon an. Sonje ekri non w ak non lekòl ou a nan premye paj seksyon sa a.

Seksyon B nan Twazyèm Pati a gen yon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons la pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7 la.

Lè w fini egzamen an, se pou w siyen deklarasyon ki ekri sou fèy repons Premye Pati a. Deklarasyon an di ou pa janm konnen ni kesyon ni repons egzamen anvan ou konpoze epi ou pa ni bay poul ni pran poul pandan w tap konpoze. Yo pap aksepte fèy repons ou an si ou pa siyen deklarasyon sa a.

PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA GEN PÈMISYON SIVEYAN AN.

Premye Pati

Reponn tout kesyon nan pati sa a.

*Esplikasyon (1–50): Pou chak pawòl oubyen pou chak kesyon, chwazi *nimewo* ki gen mo a oubyen espresyon ki pi byen konplete pawòl la oubyen kesyon an, pami sa yo bay yo, sou fèy repons lan.*

1 Ki kalite kat ki bay enfòmasyon ki gen plis detay sou karakteristik natirèl Latè, tankou rivyè, lak, ak chenn montay yo?

- (1) politik (3) klimatik
(2) demografik (4) fizik

2 Ki rejon nan Etazini ki ekri kote non endistri ki domine rejon an vre, nan lis sa a?

- (1) Sidwès — bwa pou konstriksyon
(2) Pasifik Nòdwès — kilti sitwon, zoranj, chadèk, elatriye
(3) Gwo Plenn — kilti gress
(4) Plenn sou Kòt Atlantik — travay nan min fè

3 Kilès nan deklarasyon sa yo ki dekri pi byen pouvwa Atik Konfederasyon yo te bay gouvènman an?

- (1) Gouvènman santral la ak Eta yo te separe pouvwa a mwatye pou mwatye.
(2) Te gen yon ekilib pouvwa ant twa branch gouvènman santral la.
(3) Te gen yon chèf egzekitif fò, ki te nan tèt yon gouvènman santral inifye.
(4) Eta yo te gen plis pouvwa anpil pase gouvènman santral la.

4 Òdonans Nòdwès 1787 la te enpòtan paske li te

- (1) garanti sifraj inivèsèl pou tout gason
(2) fè esklavaj rive nan nò Rivyè Owayo
(3) etabli yon pwosedi pou aksepte lòt Eta tou nèf nan Inyon an
(4) etabli rezèvasyon pou Endyen Natifnatal Ameriken yo

5 Nan Kongvensyon Konstitisyonèl 1787 la, Gran Konpwomi a te rezoud kesyon

- (1) reprezantasyon an (3) esklavaj la
(2) taksasyon an (4) kontwòl komès la

6 Yo te pibliye *The Federalist Papers* an 1787 ak 1788 pou ede jwenn sipò pou

- (1) yon lwa sou dwa moun
(2) ratifikasyon Konstitisyon an
(3) yon gouvènman santral ki pi fèb
(4) abolisyon esklavaj ansanm ak komès esklav

7 Pou dekri yon fòm gouvènman repiblikan, ou ka di konsa

- (1) li se yon sistèm ki gen de pati
(2) se sitwayen yo ki chwazi reprezantan yo
(3) manda ofisyèl ki monte nan eleksyon yo gen yon limit
(4) gen pwosedi pou kontwòl ak ekilib, ki limite pouvwa gouvènman an

8 Rezon pou klòz nan 5yèm Amannman ki bay sitwayen garanti devan lalwa a, ak dwa pou pran avoka ki nan 6yèm Amannman an, se te pou

- (1) pwoteje libète lapawòl
(2) mete garanti pou yo aplike lwa yo byen
(3) garanti yon tretman jis pou moun yo akize pou krim
(4) prevwa revizyon jidisyè sou lwa yo

9 • Kongrè a pwopoze yon amannman pou legalize enpo sou revni.
• Kou Siprèm lan deside enpo sou revni pa konstitisyonèl.

Evennman sa yo montre kouman yo sèvi ak

- (1) pouvwa ki delegé
(2) gen pwosedi pou kontwòl ak ekilib
(3) lejislasyon jidisyè
(4) konstitisyon ki pa ekri

Baze repons ou pou kesyon 10 sou desen ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Justus, *Minneapolis Star* (adapte)

10 Ki lide prensipal ki nan ti desen sa a?

- (1) Ameriken pa bay ase sipò pou depans politisyen ki kandida yo.
 - (2) Piblisite pou kanpay yo pa gen okenn enflyians sou kantite moun ki ale vote yo.
 - (3) Lajan ki depanse nan kanpay yo konte anpil kòm kòz dèt nasyonal la.
 - (4) Gwo depans pou kanpay yo gen yon rezulta negatif sou pwoesisis politik la.
-

11 • Lwa sou Etranje ak Sedisyon yo
• Rezolisyon Vijinya ak Kenntiki yo

Lwa sa yo te montre konfli ki te genyen ant

- (1) Kongrè a ak prezidan an
- (2) dwa Eta yo ak sipremasi gouvènman federal la
- (3) lame ak gouvènman sivil la
- (4) Kou Siprèm Etazini ak tribinal nan Eta yo

12 Prezidan Thomas Jefferson, ki te yon konstriksyonis fèm, te gen rezèv sou dwa konstitisyonèl pou

- (1) resevwa diplomat peyi etranje yo
- (2) achte Teritwa Lwizyàn lan
- (3) padonen kriminèl ki kondane yo
- (4) mete veto sou lwa Kongrè a pase

13 Ki konsekans desizyon Kou Siprèm lan te pran, anba direksyon prezidan Kou Siprèm John Marshall, te genyen pou gouvènman Etazini?

- (1) Gouvènman federal la te vin gen plis pouvwa pase Eta yo.
- (2) Yo te mete limit fèm sou jan Kongrè a te sèvi ak klòz elastik la.
- (3) Yo te deklare destitisyon jij federal yo enkonstitisyonèl.
- (4) Pouvwa Eta yo te genyen dapre 10yèm Amannman an te vin pi fò.

14 Pandan premye mwatye 19yèm syèk la, espansyon territoryal la te lakòz

- (1) plis tansyon nan kesyon esklavaj la
- (2) pi bon relasyon ak peyi vwazen yo
- (3) mwens konfli ak Endyen Natifnatal Ameriken yo
- (4) mwens demann enteryè pou pwodwi manifakti

15 Apre Lagè Sivil la, anpil Eta nan Sid la adopte Kòd Nwa a pou

- (1) pèmèt Ameriken Nwa yo jwenn tè lib
- (2) garanti dwa sivil ki egal pou Ameriken Nwa
- (3) mete restriksyon sou dwa moun ki te ansyen esklav yo
- (4) sipòte kreyasyon Freedmen Bureau

16 Youn nan rezon ki fè yo te konn rele John D. Rockefeller, Andrew Carnegie, ak J. Pierpont Morgan bawon vòlè, se paske yo te

- (1) vòlè nan men moun rich pou bay moun pòv
- (2) pran chans fè envestisman ki pa nesesè
- (3) sèvi ak taktik san fwa ni lwa kont moun ki te nan konpetisyon avèk yo
- (4) volè lajan gouvènman federal la

Baze repons ou pou késyon 17 ak 18 sou déclarasyon ki pi ba la yo, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

Oratè A: “Peyi nou an grandi ak fè pwogrè avèk lide ak travay imigran yo. Peyi sa a pwofite resous imigran yo pote soti nan lòt peyi, epi sa yo pote lè yo vini avèk lide ak abitid nouvo, ki antre nan kilti ameriken an.”

Oratè B: “Endistri nan Etazini yo nan konpetisyon ak manifakti ki etabli nan Ewòp yo. Pou yo kapab fè lajan, endistri nan Etazini yo bezwen mendèv tout kantite imigran ki pa kalifye yo bay yo.”

Oratè C: “Imigran yo ap pran travay ki pa peye anpil, menm si yo fè yo travay lontan, epi menm si manke sekirite nan travay yo. Travayè ameriken yo dwe kole zepòl yo ansanm pou goumen kont konkiran enjis sa a.”

Oratè D: “Lè imigran yo rive nan vil Etazini yo, yo pò epi yo pè. Se moun ki ede yo jwenn travay ak kay pou yo rete. Moun ki vini sa yo ta dwe montre rekonesans yo, lè pou yo vote.”

17 Ki oratè ki pale pi klè dapre teyori mèltingpòt la?

- | | |
|-------|-------|
| (1) A | (3) C |
| (2) B | (4) D |

18 Jan Oratè D pale a, sa sanble se pawòl yon

- | | |
|---------------------------|---------------------|
| (1) manm nan sendika | (3) lidè politik |
| (2) responsab nan reliyon | (4) refòmatè sosyal |
| (3) pwopriyetè faktori | |
| (4) chèf pati politik | |

19 Pandan 19yèm syèk la, tarif pwoteksyonis yo, sibvansyon pou konpayi tren yo, epi politik pòt ouvri pou imigrasyon an te montre gouvènman federal la tap swiv yon politik

- | | |
|---|---------------|
| (1) ki sipòt devlopman ekonomik | (3) detant |
| (2) ki pa foure bouch nan sistèm mache lib la | (4) netralite |
| (3) regilasyon mannèv enjis nan komès | |
| (4) sipò pou sendika travayè | |

20 Kongrè te pase Lwa Komès ant Eta yo (*Interstate Commerce Act*) ak Lwa Sherman kont Monopòl yo (*Sherman Antitrust Act*) pou

- | |
|--|
| (1) mete plis sekirite nan kote moun ap travay |
| (2) ankouraje metòd jis nan bay moun travay |
| (3) amelyore kondisyon travay |
| (4) defann enterè ti biznis |

21 Kisa ki te yon gwo konsekans Revolisyon Agrikòl la nan Etazini, pandan fen ane 1800 yo?

- | |
|--|
| (1) Travayè izin ki te nan chomaj te kapab jwenn travay nan agrikilti. |
| (2) Te vin gen plis manje pou moun ki rete nan vil yo. |
| (3) Fèm yo te vin pi piti. |
| (4) Espòtasyon pwodwi fèm nan Etazini yo te bese. |

22 Anpil moun konnen Dorothea Dix, Jane Addams, ak Jacob Riis kòm

- | | |
|----------------------|---------------------|
| (1) denichè eskandal | (3) lidè politik |
| (2) sifrajèt | (4) refòmatè sosyal |

23 Lè yo te pase Lwa Pwòpte nan Manje ak Medikaman an (*Pure Food and Drug Act*), ak Lwa sou Enspeksyon Vyann lan (*Meat Inspection Act*), sa te montre gouvènman federal la te vle fè tout sa li kapab pou defann

- | |
|-------------------------------|
| (1) konsèvasyon anviwonnan an |
| (2) dwa travayè |
| (3) konpetisyon nan biznis |
| (4) pwoteksyon konsomatè yo |

24 Kilès nan politik etranjè ameriken sa yo ki te gen koneksyon pi dirèk ak devlopman gwo biznis pandan dènye ane 1800 yo?

- | | |
|----------------------------|---------------|
| (1) politik kont espansyon | (3) detant |
| (2) enperyalis | (4) netralite |

25 Travay Duke Ellington ak Langston Hughes yo te demonstre

- | |
|--|
| (1) espansyon wòl fanm pandan ane 1920 yo |
| (2) reyalizasyon Renesans Alèm lan |
| (3) inovasyon nan achitekti pandan ane 1930 yo |
| (4) enflyians gwoup imigran ki te soti nan sid Ewòp yo |

- 26 Kisa ki te yon gwo konsekans Pwoyibisyon nan Etazini, pandan ane 1920 yo?
- restriksyon sou imigrasyon
 - kwasans enfliyans kominis
 - destriksyon valè familyal yo
 - kwasans krim òganize
- 27 Pandan Lagrann Depresyon, pawòl tankou *Hoovervilles* ak *Hoover blankets* te montre prezidan Hoover
- te parèt tankou yon modèl pou lòt moun
 - te sèvi ak lame pou ede moun ki nan chomaj
 - te nonmen kòm responsab mizè moun pòv
 - te sipòte asistans ak lojman publik pou moun ki te nan bezwen

Baze repons ou pou kesyon 28 sou desen ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Clifford Kennedy Berryman, *The Washington Star*, 9 mas 1937 (adapte)

- 28 Ti desen sa a montre prezidan Franklin D. Roosevelt te lakòz yon kontwovès sou kesyon
- depans militè ki te vin pi wo nan koumansman ane 1930 yo
 - yon plan pou pran kèk nan pouvwa ki te rezèvè pou Eta yo
 - efò pou kontrekare Bòl Pousyè a ak mezi konsèvasyon gouvènman federal la
 - pwopozisyon ki te kont prensip separasyon pouvwa a

- 29 Lwa Nasyonal sou Relasyon nan Travay la (Lwa Wagner), ki te pase an 1935, ranfòse pouvwa sendika travayè yo paske li legalize
- negosyasyon kolektif
 - mete non moun sou
 - faktori san sendika
 - grèv rete-chita lis nwa
- 30 Ant 1934 ak 1937, Kongrè a te pase yon seri lwa sou netralite ki te gen kòm objektif prensipal pou
- ranfòse defans militè peyi a
 - bay èd pou lòt peyi demokratik
 - mete travay pou travayè ameriken ki nan chomaj
 - evite erè ki te lakòz Etazini antre nan Premye Gè Mondyal la
- 31 Nan ka *Korematsu v. United States* 1944 la, Kou Siprèm la te deklare kondisyon nan peryòd lagè yo jistifye
- pou fanm sèvi nan batay pandan lagè
 - entèdiksyon pou travayè fè grèv
 - limitasyon yo mete sou libète sivil yo
 - limitasyon sou pouvwa prezidan an genyen
- 32 Pandan Dezyèm Gè Mondyal la, yo te sèvi ak afich ki gen pòtre Rosie the Riveter pou
- rekrite fanm nan endistri pandan peryòd lagè a
 - ankouraje fanm sèvi nan lame
 - ankouraje vòt fanm
 - sipòte edikasyon siperyè pou fanm
- 33 Kilès nan sa yo ki te youn nan rezulta Dezyèm Gè Mondyal la?
- Kous pou gen plis zam lan fini.
 - Gèfwad la fini.
 - Yo te elimine kominis.
 - Gen de gwo pwisans mondal ki te parèt.
- 34 Lè yo te kondane kriminèl lagè nan tribinal Tokyo ak Nirenmbèg apre Dezyèm Gè Mondyal la, sa te montre
- yo te kapab rann ofisyèl gouvènman ak chèf militè yo responsab pou aksyon yo komèt
 - Nasyonzini te aksepte pran responsabilite entènasyonal pou defann lapè
 - Lig Nasyon yo te kapab rive fè respekte dwa entènasyonal
 - yo te kapab fòse yon nasyon ki te koumanse lagè rebati peyi li kraze nan lagè a

Baze repons ou pou kesyon 35 sou desen ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



35 Ki evennman ki te pase nan ane 1948-1949 desen sa a montre?

- (1) pon ayeryen Bèlen an
 - (2) Lè Mi Bèlen an tonbe
 - (3) reyinifikasyon Almay
 - (4) lè twoup alye yo envayi Nòmandi
-

36 “Dapre konklizyon nou, doktrin ‘separe men egal’ la pa gen plas li nan edikasyon publik. Kote yo bay edikasyon ki separe a pa janm egal lòt kote yo. . . .”

— prezidan Kou Siprèm Earl Warren, nan ka *Brown v. Board of Education of Topeka*

Sitasyon sa a montre pouvwa Kou Siprèm lan genyen pou

- (1) ratifye desizyon ki pran deja
- (2) rejte lwa nan Eta yo
- (3) kontwole pouvwa branch egzekitif la
- (4) bay fon pou edikasyon

37 Lè prezidan John F. Kennedy te etabli Peace Corps, objektif li se te pou

- (1) sipòte peyi ki tap devlope yo
- (2) bay moun ki te nan chomaj yo fòmasyon pou travay
- (3) kreye mache pou pwodwi pou konsomasyon
- (4) mete pwofesè nan zòn anndan lavil yo

38 Lè yo te pase Lwa sou Dwa Sivil yo an 1964, objektif la se te pou korije

- (1) diskriminasyon rasyal, ak diskriminasyon ki baze sou si se fanm oswa gason yon moun ye
- (2) restriksyon sou libète lapawòl
- (3) kwota imigrasyon ki pa jis
- (4) segregasyon nan lame

39 Rezon ki fè prezidan Richard Nixon te sipòte politik detant la, se te pou

- (1) fè tansyon bese ant Etazini ak Inyon Sovyetik
- (2) entwodwi eleksyon demokratik nan peyi kominis yo
- (3) ankouraje peyi satelit yo koupe relasyon ak Inyon Sovyetik
- (4) kraze enfliyans Inyon Sovyetik sou peyi nan Afrik ak Azi ki pat alieny yo

40 Nan ka *Tinker v. Des Moines* ak *New Jersey v. TLO* ki te pase devan Kou Siprèm lan, kesyon ki te jije a, se

- (1) libète laprès
- (2) libète relijyon
- (3) dwa elèv nan lekòl yo
- (4) dwa moun ki nan prizon

41 Lè Etazini te sipòte Akò Lib Echanj Amerik di Nò a (NAFTA), sa te montre Etazini te vle

- | | |
|---------------------|-----------------------|
| (1) globalizasyon | (3) sekirite kolektif |
| (2) Destine Manifès | (4) izolasyonis |

42 Sa ki te lakòz moun pèdi travay yo nan endistri manifakti a, se paske te koumanse gen

- (1) radyo ak televizyon
- (2) otomobil ak avyon
- (3) otomatizasyon ak òdinatè
- (4) pi bon swen medikal ak vwayaj nan lespas

43 Premye rezon ki fè te gen bebiboum lan, se te

- (1) pwosperite ekonomik nan ane 1920 yo
- (2) Lagrann Depresyon pandan ane 1930 yo
- (3) moun te pran plis tan pou marye pandan Dezyèm Gè Mondyal la
- (4) mouvman kontkilti pandan ane 1960 yo

Baze repons ou pou kesyon 44 sou tablo ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

REVNI MWAYEN GASON AK FANM NAN ETAZINI, 1960-1990				
Ane	Fanm	Gason	Revni Fanm kòm Pousantaj Revni Gason	Diferans nan Revni an Valè Dola an 1990
1960	\$ 3,257	\$ 5,368	60.7	\$ 8,569
1970	5,323	8,966	59.4	11,529
1980	11,197	18,612	60.2	11,776
1990	19,822	27,678	71.6	7,856

Sous: Biwo Resansman (Bureau of the Census) (adapte)

44 Dapre enfòmasyon ki nan tablo sa a, ant 1960 ak 1990

- (1) gouvènman an pat pase lwa ki garanti fanm egalite nan jwenn travay
- (2) te gen yon ti pwogrè sèlman ki te fèt nan diferans ant sa gason ak fi te touche
- (3) lajan fi te touche te toujou kontinye ogmante pi vit pase sa gason te touche
- (4) fi yo te toujou pa kapab jwenn pifò nan travay ki peye byen yo legalman

Baze repons ou pou kesyon 45 sou desen ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: Chip Bok, Creators Syndicate (adapte)

45 Kilès nan ka prezidan Bill Clinton te konfwonte yo, desen sa a reprezante?

- (1) Akizasyon te jennen 1 nan egzekisyon pwogram li yo.
- (2) Pwoblèm entènasyonal te kontrarye objektif li yo, nan politik enteryè.
- (3) Depans nan swen sante te pran nan lajan yo te bezwen pou kenbe pwomè pou defann lapè yo.
- (4) Defisi nan bidjè yo te anpeche aksyon militè nan peyi ki te gen pwoblèm yo.

46 Kouman pouvwa gouvènman an te chanje pandan Lagè Sivil ak Lagrann Depresyon?

- (1) Prezidan an te vin gen plis pouvwa.
- (2) Kongrè a te vin gen plis lidèchip.
- (3) Kou Siprèm te bay plis libète sivil.
- (4) Pouvwa soti nan men gouvènman federal pou ale nan men Eta yo.

47 "Etazini ap Patwonnen Revolisyon Panama" (1903)

"Etazini Etabli Lwa Masyal nan Dominikani" (1916)

"CIA Sipòte Ranvèsman Gouvènman Gwatemala" (1954)

Tit sa yo vle di

- (1) Enterè Etazini nan Amerik Latin te lakòz anpil entèvansyon.
- (2) Etazini aksepte goumen pou kenbe endependans peyi nan Amerik Latin yo.
- (3) Peyi Amerik Latin yo deklare Etazini lagè plizyè fwa.
- (4) Peyi Amerik Latin yo kapab regle zafè yo san Etazini pa ede yo.

48 Sa ki fè atak Palmer ki te fèt apre Premye Gè Mondyal la, ak odisyon McCarthy pandan Lagè Kore a te sanble, se paske rezon pou tou de, se te lapè

- (1) novo zam militè yo
- (2) peyi etranje ki kapab anvayi Etazini
- (3) enflyans kominis nan Etazini
- (4) depresyon ekonomik

Baze repons ou pou kesyon 49 ak 50 sou pasaj nan chante ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

Kiltivatè a, se Nonm sa a

Lè kiltivatè a vin lavil
Ak kabwèt li an pàn,
Wi, kiltivatè a se nomm sa a
Ki bay tout moun manje. . . .

Kiltivatè a, se nomm sa a,
Kiltivatè a, se nomm sa a,
Ki fè dét jouk sezon otòn;
Lè sa a, yo pran men l pou fè l mache
Epi yo fè l soti sou tè a,
Epi espekilatè a, se nomm sa a
Ki jwenn tout benefis yo. . . .

— Chante popilè ameriken

49 Pwoblèm chante popilè sa a denonse a, se te konsekans

- (1) plantasyon ki te pwodwi mwens depi plizyè dizèn ane
- (2) twòp travayè ameriken ki te vin kiltivatè
- (3) move teknik agrikilti ki te detwi pwodiksyon an
- (4) twò piti lajan kiltivatè yo touche, ki oblige yo kite agrikilti

50 Ki pati politik ki te fè plis efò pou rezoud pwoblèm chante sa a denonse a?

- (1) Bull Moose
- (2) Tè Gratis
- (3) Pati Popilis
- (4) Pati Pwogresis

Repons pou kesyon sou redaksyon yo fèt pou ekri nan tiliv separe pou redaksyon an.

Lè wap devlope repons pou Dezyèm Pati a, sonje definisyon sa a yo:

- (a) pale sou yon sijè vle di “fè kòmantè sou yon bagay pou di sa ki pase, rezone, epi bay agiman; bay detay pou prezante bagay la”
- (b) montre vle di “fè parèt; di aklè ki pozisyon oswa ki lide ki genyen; pou fè sa, di ki sa li ye epi bay enfòmasyon ki sipòte sa ou di a”
- (c) evalye vle di “analize ak jije siyifikasyon, valè oswa kondisyon yon bagay; gade valè yon bagay”

Dezyèm Pati

KESYON POU REDAKSYON TEMATIK

Esplikasyon: Ekri yon redaksyon ki byen òganize ki gen yon entwodiksyon, plizyè paragraf sou objektif travay ki pi ba a, ak yon konklizyon.

Tèm : Chanjman Sosyal

Evennman ki enfliyanse chanjman sosyal nan popilasyon Etazini.

Objektif Travay la:

Identifye **yon** evennman nan istwa Etazini ki enfliyanse chanjman **sosyal**, epi pou evennman ou idantifye a:

- Pale sou sikontans istorik evennman an.
- Montre kouman evennman an te sanse pote yon chanjman sosyal espesifik.
- Evalye nan ki pwen evennman an te rive pote chanjman sa a.

Ou mèt sèvi ak nenpòt ki egzanp ou etidye nan istwa Etazini. Kòm egzanp ki ta kapab ede w reflechi sou kesyon an, genyen amannman yo pase pou Lagè Sivil la, devlopman otomobil, 18yèm Amannman yo te pase a [sou Pwoyibisyon nasyonal], 19yèm Amannman yo te pase a [sou vòt fanm], Lwa sou Sekirite Sosyal (1935) yo te pase a, desizyon prezidan Dwight D. Eisenhower pou voye militè nan Little Rock, Akannzas, epi desizyon Kou Siprèm sou ka *Roe v. Wade* la.

***Pa* konsidere sijesyon sa a yo sèlman.**

Direktiv:

Nan redaksyon w lan, sonje pou w:

- Pale sou tout aspè nan *Objektif Travay* la
- Di sa ki pase ki gen rapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte tèm lan
- Sèvi ak yon plan òganizasyon ki lojik epi ki klè
- Pou entwodwi tèm lan, etabli yon fondasyon ki ale pi lwen pase repeète *Objektif Travay* la sèlman, epi rezime tèm lan pou konklizyon an

Lè wap devlope repons pou Twazyèm Pati a, sonje definisyon sa yo:

pale sou yon sijè vle di “fè kòmantè sou yon bagay pou di sa ki pase, rezone, epi bay agiman; bay detay pou prezante bagay la”

Twazyèm Pati

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a mache ak dokiman sa yo (1–8). Kesyon sa a la pou li teste kapasite w nan sèvi ak dokiman istorik. Yo edite kèk pati nan dokiman yo pou yo kapab sèvi pou kesyon sa a. Lè wap analize dokiman yo, sonje ki kote yo soti ak ki pwennvi ki parèt ladan yo.

Kontèks Istorik:

Gwo travay nan chimen ray tren ki fèt pandan ane 1800 yo te transfòme Etazini, paske yo te fè koneksyon ak plizyè kote nan peyi a. Transfòmasyon sa a te gen konsekans pozitif ak negatif.

Objektif

Travay la: Avèk enfòmasyon ou pran nan dokiman yo, epi konesans ou nan istwa Etazini, reponn kesyon ki vin apre chak dokiman nan Seksyon A. Repons ou bay pou kesyon yo pral ede w ekri redaksyon nan Seksyon B a, kote yo pral mande w:

- Pale sou konsekans pozitif ak negatif chimen ray tren te genyen nan Etazini pandan ane 1800 yo.

Seksyon A

Kesyon ki Mande Repons Kout

Esplikasyon: Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vin apre chak dokiman nan espas yo bay la.

Dokiman 1

Pandan yon demi syèk apre espedisyon Lewis ak Clark la, jenn peyi a pat gen anpil enterè nan Gwo Plenn yo. Moun te konn di konsa plenn yo te twò chèch pou agrikilti. Yo pat ka pwodwi, tankou yon savann dezole ki tap rete la, nan mitan kontinan an.

Lide sa yo koumanse chanje pandan ane ki tap mennen nan Lagè Sivil la. Pandan yo tap travay pou mete chimen ray tren pou ale nan wès la, Ameriken yo vin konprann sa yo te kwè sou plenn yo pat vre. Pyonye nan Kansas yo pat jwenn yon dezè, men sa yo te jwenn se plizyè milyon kawo tè ki fètil. Moun ki te gade betay yo wè yon gwo teren ouvri pou mete plizyè milyon tèt betay, sa ki te vle di yon tè ki te bay plis opòtinite menm pase Eta Zetwal Solitè a (*Lone Star*). Natirèlman, te gen bifalo ak Endyen ki te deja rete nan plenn yo. Men sa pat vle di anpil bagay pou moun ki te fèk vini yo. Yo te konprann sivilizasyon te mande pou yo retire bifalo ak Endyen yo, epi pou yo fè tè a sèvi pou yon bagay “itil”. Jan sa te pase a, se youn nan chapit pi tris nan istwa nou. . . .

Sous: Albert Marrin, *Cowboys, Indians, and Gunfighters*,
Atheneum

- 1 Dapre pasaj sa a, kouman opinyon moun yo te chanje sou Gwo Plenn yo, lè yo te vin sèvi ak tren? [1]

Score - Nòt

Dokiman 2


Konsa, se avèk anpil repiyans yo te dekouvri apantè pou chimen ray tren kap kouri yon liy nan vale Yellowstone lan an 1871. Avèk konsantman Sitting Bull, jenn gèrye yo koumanse yon kanpay geriya menm lè a, epi premye aksyon yo, se te fè anvayisè yo konprann yo pat vle yo rete, epi apre sa yo mete anvayisè yo deyò. Rezon ki fè apantè yo te vini nan zòn sa a, se te paske pwopriyetè Northern Pacific Railroad yo te deside chanje wout tren an, epi kite liy yo te trase anvan sou tè yo te sede ba yo, pou ale anvayi tè yo pat sede ba yo, san negosye ak Endyen yo sou sa. An 1872, apantè yo tounen ak yon ti gwoup militè nan Yellowstone, epi fwa sa a ankò, patizan Sitting Bull yo mete yo deyò. . . .

Sous: Dee Brown, *Hear That Lonesome Whistle Blow*,
Henry Holt and Co.

- 2 Dapre dokiman sa a, poukisa Endyen Natifnatal Ameriken yo pat zanmi apantè yo? [1]
-
-

Score - Nòt

Dokiman 3



Sous: Bibliyotèk Piblik nan Denvè

- 3 Kisa desen sa a montre sou konsekans chimen ray tren yo te genyen sou twoupo bifalo yo? [1]

Score - Nòt

Dokiman 4

Menm si nan dizneyèm syèk la Monterey County te dwe chimen ray tren yo anpil, Santa Cruz County te dwe chimen ray tren yo plis toujou, paske ray tren yo te poze pandan ane 1870 yo te fè koneksyon ant kominote ki te izole sou kòt nò Monterey Bay a, epi yo te pèmèt antre nan yon peryòd devlopman ki pat janm genyen lòt kote. . . .

Ant 1875 ak 1880, Chinwa yo te bati twa chimen tren separe, yo poze ray sou yon distans karannde mil, yo pèse tinèl sou yon distans 2.6 mil pou fè Santa Cruz County tounen yon sèl kote, epi pou konekte l definitivman avèk tout rès peyi a ki te sou lòt bò mòn Santa Cruz yo. Chinwa yo pat sèlman bay kouraj yo, ak swe pou fè travay la, men yo te konn bay lavi yo tou. Gen omwens senkant Chinwa ki mouri nan aksidan pandan yap bati chimen ray tren sa yo. Pou chak mil chimen ray tren ki te bati, te gen yon Chinwa ki mouri. . . .

Travayè Chinwa ki tap bati Chimen Ray Tren Santa Cruz yo te travay sis jou pa semenn, pandan dis èdtan chak jou, epi yo te touche yon dola pa jou. Yo te retire de dola pa semenn pou manje nan lajan yo touche a, epi depans tankou lajan rad ak rekreyasyon te pran moso nan kat dola ki te rete a, sa ki fè yo te kenbe yon mwayenn twa dola nan pòch yo. . . .

Sous: Sandy Lydon, *Chinese Gold: The Chinese in the Monterey Bay Region*,
Capitola Book Company

- 4a Dapre dokiman sa a, kouman devlopman chimen ray tren te ede konte Monterey ak Santa Cruz yo? [1]

Score - Nòt

- b Dapre dokiman sa a, di **youn** nan kondisyon travay Chinwa yo te genyen, pandan yo tap bati chimen ray tren yo. [1]

Score - Nòt

Dokiman 5

Tè Rich pou Agrikilti!

Konpayi Tren *Union Pacific*
ap vann sa a BON MACHE ANPIL

Se Pi Bon Envestisman Ki Genyen!
Se San Mank!

Valè li ap Monte Tout Tan.
Se Pwogrè nan Imobilye kap fè Peyi a Vanse.

SE KOUNYE A KI BON LÈ! PLIZYÈ MILYON KAWO TÈ

nan pi bon teren ki sou Kontinan an, nan Ès Nebraska, pou
vann kounye a. **Anpil ladan yo pat jamm ofri pou vann
anvan jodi a**, nan pri ki **defye konkirans**.

*OU KA JWENN KREDI POU SENK A DIS ANE, AK SIS
POUSAN ENTERÈ.*

Nou aksepte Bon Alokasyon Teren Konpayi an *pou menm
valè* ak tè. → Nap ba ou tout enfòmasyon ou bezwen, epi
nap voye pa lapòs yon Gid nèf ansanm ak Kat nèf gratis.

PYONYE A

Nou voye jounal ki byen prezante sa a, ki genyen Lwa
Homestead la, gratis tout kote sou latè. Adrès nou:

O.F. DAVIS,
Komisè pou Tè U.P.R.R.,
Omaha, Neb.

— Anons 19yèm syèk (adapte)

5 Dapre sa ki ekri nan reklam sa a, kouman konpayi tren yo te ankouraje moun vin rete nan Wès la? [1]

Score - Nòt

Dokiman 6

... Pandan ane sa a (1877), te gen yon seri grèv dechennen travayè konpayi tren yo te fè nan yon douzèn vil; yo souke peyi a pi mal pase jan okenn konfli sendika te janm fè, nan tout istwa peyi a.

Kriz la te koumanse lè yo te koupe nan salè anplwaye konpayi tren yo youn dèyè lòt, malgre te deja gen gwo pwoblèm ak salè twò ba (1.75 \$ pa jou pou mekanisyen fren ki travay douz èdtan), malgre konplo sou do travayè ak esplwatasyon konpayi tren yo tap fè, malgre travayè tap mouri ak blese – genyen ki te pèdi men yo, pye yo, oswa dwèt yo, oubyen ki te kraze nan mitan machin yo.

Nan estasyon Baltimore ak Ohio ki nan Martinsburg, nan Wès Vijinya, gen travayè ki te deside goumen kont salè yo koupe a, epi ki te fè grèv; yo dekwochte lokomotiv yo epi kondwi yo antre nan wotonn yo, epi yo deklare pa gen tren kap kite Martinsburg ankò jouktan yo anile desizyon koupe 10 pouzan [nan salè] a. Gen yon foul moun ki vini pou bay sipò, sa ki fè te gen twòp moun pou lapolis kapab fè yo degèpi. Responsab B. & O. yo te mande gouvènè a pwoteksyon militè, epi gouvènè a te voye milisyen ba yo. Gen yon tren ki eseye pase, avèk pwoteksyon milisyen yo, epi gen yon travayè an grèv ki tap eseye deraye tren an, ki kwaze lèzam ak milisyen ki tap eseye rete l. Travayè an grèv la pran yon bal nan kwis li, ak youn nan bra l. Yo te oblige koupe bra a pi ta, menm jou a, epi nèf jou apre li mouri.

Lè sa a, te gen sis san tren machandiz ki te bloke nan estasyon Martinsburg la. Gouvènè Wès Vijinya a te mande prezidan Rutherford Hayes, ki te fèk monte, pou l voye twoup federal paske milisyen yo pat ase. Rezon tout bon vre a, se paske li pat kapab fè milisyen yo konfyans nèt, paske pami yo te gen anpil travayè konpayi tren. Anpil nan sòlda ameriken yo te okipe nan goumen ak Endyen nan Wès la. Kongrè pat ko bay lajan pou lame, men J.P. Morgan, ansanm ak August Belmont epi kèk lòt responsab labank te ofri prete lajan pou peye ofisyen lame yo (men pa pou peye anwole yo). Twoup federal yo rive Martinsburg, epi tren machandiz yo koumanse deplase. . . .

Sous: Howard Zinn, *A People's History of the United States*,
Harper Collins Publishers

6 Dapre pasaj sa a, poukisa travayè konpayi tren yo te fè grèv an 1877? [1]

Score - Nòt

Dokiman 7

Politik yo te swiv la te ban nou [nan Etazini] sèvis tren ki te pi efikas epi ki te koute mwens pase nan tout lòt peyi; men, avantaj li te bay yo te mande pou gen pi move kalite diskriminasyon ki te fèt, epi konsekans yo se te ranfòse pouvwa moun ki te genyen yo, kont moun ki pat genyen yo, epi pou bay gwo biznis yo avantaj sou piti yo, epi pou fè kapital gen plis enpòtans pase merit ak travay moun, epi pou konsantre biznis nan sant komèsyal yo, epi pou lakòz konbinezon ak konsantrasyon kapital, pou ankouraje monopòl, epi pou ankouraje kwasans ak devlope enflyans richès ki konsantre, epi pou pèmèt se yon ti gwoup moun ki vin kontwole pifò nan komès nan peyi a. . . .

Sous: Sena Etazini, Komite Seleksyone pou Komès ant Eta 1886

- 7 Dapre dokiman sa a, kouman pwopriyetè konpayi tren yo te sèvi ak metòd ki pa jis nan biznis yo? [1]
-
-

Score - Nòt

Dokiman 8

Nou kwè lè a rive pou nou konnen si se gwo konpayi tren yo ki pral mèt sitwayen yo, oswa si se sitwayen yo ki pral mèt konpayi tren yo; epi tou, si gouvènman an koumanse vin pwopriyetè oswa direktè konpayi tren, nou ta dwe sipòte yon amannman nan Konstitisyon an, pou l di konsa tout moun ki travay nan gouvènman pral anba règleman sèvis sivil ki pi fèm ki genyen yo, pou anpeche administrasyon nasyonal la sèvi ak anplwaye gouvènman anplis sa yo pou li vin gen plis pouvwa. . . .

Kòm transpò se yon mwayen pou echanj ak yon nesesite piblik, si se gouvènman an ki pwopriyetè konpayi tren yo epi ki administre yo, li dwe fè sa nan enterè pèp la. . . .

Sous: Platfòm Pati Popilis, 1892

- 8 Dapre Platfòm Pati Popilis la, poukisa gouvènman an ta dwe pwoprietè konpayi tren yo? [1]
-
-

Score - Nòt

Seksyon B

Redaksyon

Esplikasyon: Ekri yon redaksyon ki byen òganize ki gen yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon.

Sèvi ak prèv ki nan omwens **senk** (5) dokiman, nan pati ki gen devlopman sijè nan redaksyon an. Di sa ki pase ki anrapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte repons ou bay la. Mete tout lòt enfòmasyon siplemantè ou ta jwenn sou sa.

Kontèks Istorik:

Gwo travay nan chimen ray tren ki fèt pandan ane 1800 yo te transfòme Etazini, paske yo te fè koneksyon ak plizyè kote nan peyi a. Transfòmasyon sa a te gen konsekans pozitif ak negatif.

Objektif

Travay la: Avèk enfòmasyon ou pran nan dokiman yo, epi konesans ou sou istwa Etazini, ekri yon redaksyon kote ou:

- Pale sou konsekans pozitif ak negatif chimen ray tren te genyen nan Etazini pandan ane 1800 yo.

Direktiv:

Nan redaksyon w lan, sonje pou w:

- Pale sou tout aspè *Objektif Travay la*; pou fè sa, analize epi entèprete avèk presizyon, omwens **senk** (5) dokiman
- Pran enfòmasyon ou jwenn nan dokiman yo pou mete nan devlopman sijè nan redaksyon an
- Mete enfòmasyon ou jwenn deyò epi ki gen rapò ak sijè a
- Di sa ki pase ki gen rapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte tèm lan
- Sèvi ak yon plan òganizasyon ki lojik epi ki klè
- Pou entwodwi tèm lan, etabli yon fondasyon ki ale pi lwen pase repeète *Objektif Travay la* oswa *Kontèks Istorik* la, epi fè rezime tèm lan kòm konklizyon

The University of the State of New York

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA AK
GOUVÈNMAN ETAZINI

Madi 17 jen 2003 – 9:15 dimaten pou 12:15 apremidi sèlman

FÈY REPOSNS	<input type="checkbox"/> Gason G/F: <input type="checkbox"/> Fi	Premye Pati
Non Elèv la		1..... 26
Non Pwofesè a		2..... 27
Non Lekòl la		3..... 28
Ekri repons ou yo pou Premye Pati a nan paj reposns la, ekri repons ou yo pou Twazyèm Pati Seksyon A nan liv egzamen an, epi ekri repons ou yo pou Dezyèm Pati a ak Twazyèm Pati Seksyon B a nan yon lòt tiliv redaksyon apa.		4..... 29
		5..... 30
Non Eleve la		6..... 31
Non Pwofesè a		7..... 32
Non Lekòl la		8..... 33
		9..... 34
		10..... 35
		11..... 36
		12..... 37
		13..... 38
		14..... 39
		15..... 40
		16..... 41
		17..... 42
		18..... 43
		19..... 44
		20..... 45
		21..... 46
		22..... 47
		23..... 48
		24..... 49
		25..... 50

FOR TEACHER USE ONLY

Part I Score _____

Part III A Score _____

Total Part I and III A Score

Part II Essay Score _____

Part III B Essay Score _____

Total Essay Score

**Final Score
(obtained from conversion chart)**

No.
Right

Fò w siyen deklarasyon sa a lè ou fin pran egzamen an.

Mwen konfime, jiska lè egzamen an fini, mwen pa te wè okenn kesyon nan egzamen sa a epi mwen pa te okouran okenn repons nan egzamen sa a anvan jou egzamen an yon fason ki ilegal. Epi tou mwen pa ni bay ni m pat resevwa okenn poul pandan map pran egzamen an.

Koupe fèv papye sa a la a.

Koupe fèv papye sa a la a.